



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 15 mas 2014

GOUVÈNÈ CUOMO PATISIPE NAN AKTIVITE PWOGRAM FÒMASYON KÒ PREPARASYON SITWAYEN AN

Pwogram nan pral bay Sitwayen yo zouti yo Bezwen pou yo Pare epi pou yo Kapab Ede Fanmi ak Vwazen yo nan Sitiyasyon ijans

Nouvo Sit Entènèt Pou Sèvi Kòm Gichè Inik pou Enfòmasyon Sou Fòmasyon Adisyonèl, Konsèy sou Preparasyon pou Dezas

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te patisipe nan aktivite nan Konte Broome pou Pwogram Fòmasyon Kò Preparasyon Sitwayen ki pral fòme apeprè 100.000 Nouyòkè pandan lane 2014 la pou bon jan preparasyon pou ijans oubyen katastwòf. Pwogram lan ap chèche pou bay sitwayen yo zouti ak resous pou yo pare pou ijans ak katastwòf, reyaji kòm sadwa epi retounen nan sitiyasyon yo te ye anvan katastwòf la pi vit posib.

Pwogram Fòmasyon Kò Preparasyon Sitwayen an ap asire ke sitwayen yo ekipe avèk enfòmasyon yo bezwen lè yo dezaz frappe,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Grasa fòmasyon sa a, nap ede Nouyòkè yo pou yo premye sekouris nan pwòp kay yo ak nan kominote yo. Apre nou te fin eksperimante nèt dezaz natirèl ke gouvènman federal te deklare, li pi enpòtan pase anvan pou Nouyòkè yo prepare yo pou lè yo pwochen dezaz natirèl ap vizite.”

Gouvènè Cuomo te anonse tou pa twò lontan de sa lansman yon nouvo sit entènèt www.prepare.ny.gov, kap sèvi kòm kay dijital pou preparasyon kò sitwayen nan kominote a. Sit entènèt la pral ofri enfòmasyon sou fòmasyon adisyonèl, konsèy sou preparasyon dezaz, ak fason pou sèvi kòm volontè nan ka yon dezaz.

Gen yon gwo kantite volontè ki te vinn patisipe jodi a nan sesyon fòmasyon kò preparasyon sitwayen yo, avèk patisipasyon plis pase 430 moun nan Konte Broome.

Se Gad Nasyonal New York, nan tèt ansanm ak espè ki soti nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Biwo Jesyon Ijans ki nan Sèvis Ijans ak Biwo Prevansyon ak Kontwòl Dife ak anlwaye jesyon ijans konte lokal la ki te

Haitian Creole

fè fòmasyon yo eki pral fè sa ki gen pou fèt pi devan yo.

Majò Jeneral Patrick Murphy, Adjidan Jeneral Divizyon Militè ak Afè Naval New York te deklare, “Fi ak gason nan lame New York ak Gad Nasyonal nan Lè a konprann valè preparasyon pou nenpòt ijans, paske manm sèvis nou yo toujou la pou ede lè yon dezast frappe. Sòlda nou yo ak solda avyasyon nou yo fyè paske yo fè pati nan efò gouvènè a pou pi byen prepare Nouyòk yo pou jere inondasyon, siklòn, tònad, tanpèt nèj oswa kèlkeswa sa lanati kapab jete sou nou. Nou espere angaje konpatriyòt New York nou yo nan fòmasyon preparasyon ijans enpòtan sa a.”

Jerome M. Hauer, Delege, Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans NYS, te deklare, “Gouvènè Cuomo fè preparasyon ijans tounen youn nan pi gwo priyorite li pandan n ap fè fas ak nouvo reyalye move tan, epi pou anpil moun preparasyon kòmanse nan pwòp kay yo. Mwen sipòte ak tout kòm strateji detèminan ak pratik li a pou reponn ak konsekans souvanfwa destriktè yon katastwòf natirèl. Manm kominote yo se premye moun ki viktim epi anjeneral se yo menm ki premye rive sou sèn lan devan defi sa yo. Li enpòtan anpil pou nou ba yo preparasyon ki pi pratik ak efikas, kidonk lè gen yon ijans yo ka nan yon bon pozisyon pou yo pwoteje fanmi ak vwazen yo. Fòmasyon sa yo pral pwouve yo fondamantal pou pote sekou nan pwochen efò pou soulajman katastwòf.

Klas fòmasyon an pral bay yon entwodiksyon nan entèvansyon pou reponn a yon dezast natirèl oswa sa kretyen vivan pwovoke. Patisipan yo pral aprann kijan pou yo byen prepare pou nenpòt katastwòf, tankou devlopman yon plan ijans famiyal epi stokaj materyèl ijans. Yo pral pale plis sou bonjan kalite preparasyon nan kay ak ankourajman pou asire genyen nan kay la dektetè lafimen ak monoksid kabòn, ansanm ak estenktè, kap byen fonksyone. Fòmasyon yo pral bay enfòmasyon sou ki òganizasyon ki ka bay lòt sipò; kijan pou anrejistre pou NY-Alert, sistèm alèt ijans gratis nan tout eta a; epi kijan pou yo jwenn notifikasyon ki soti nan sous tankou Emergency Broadcast System. Patisipan yo pral ankouraje tou pou yo pi enplike nan aktivite ijans sou baz kominote ki egziste deja ki ka òganize atravè lekòl, biznis oubyen òganizasyon kominote lokal yo.

Chak volontè te resevwa yon Twous Entèvansyon Kò Preparasyon Sitwayen ki genyen eleman enpòtan pou ede moun yo nan yon sityasyon touswit apre yon dezast. Antanke yon moun, yon manm fanmi ak manm kominote yo li esansyèl pou sitwayen yo pran kèk mezi preliminè pou yo pare: kalite lavi yo ak moun yo renmen ka depannde li. Souvanfwa pandan yon ijans, elektrisite, chofaj, èkondisyon oubyen telefòn ka pa mache. Sitwayen yo ta dwe pare pou jere sityasyon an yo menm pandan omwen 7-10 jou, petèt pi lontan. [Klike isit la pou wè foto twous la.](#)

Chak patisipan nan fòmasyon an (yon moun nan chak fanmi) pral resevwa yon Twous Entèvansyon Kò Preparasyon Sitwayen pou Kòmanse gratis, ki gen ladann:

- Rad plastik jetab
- Baton limine
- 2 pil D
- Twous Premye Swen

Haitian Creole

Mask vizaj
Linèt sekirite
Ti radyo AM/FM ak pil
6 pak dlo potab
6 ba manje
Flach nòmral
Kouvèti ijans
Riban adezif
Gan travay
Boutèy Dlo

Nan kad fòmasyon an, patisipan yo pral resevwa enfòmasyon sou lòt materyèl ak enfòmasyon pèsònèl yo dwe ajoute nan Twous Entèkansyon pèsònèl pa yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418